

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar sumber data, desain panalungtikan, metode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, sarta téhnik jeung prosedur panalungtikan.

3.1 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010: 172), sumber data mangrupa subjékna panalungtikan. Ku ayana sumber data, masalah anu baris ditalungtik bisa dipikanyaho. Sumber data dina ieu panalungtikan, nya éta sampel sababaraha carpon dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia. Anapon anu dimaksud sampel nya éta sabagéan atawa wakil populasi anu baris ditalungtik (Arikunto, 2010: 174).


Kumpulan carpon *Panggung Wayang* anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan téh dipedalkeun ku Geger Sunten Bandung, pedalan katilu taun 2007, kandelna 412 kaca anu dijerona aya 50 carpon.

Sampel anu dicokot pikeun dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan jumlahna aya sapuluh carpon. Ari cara nangtukeun carponna, nya éta dipilih anu sakirana loba pagunemanana sarta ngandung prinsip jeung maksim nu tangtu. Anapon carpon nu dicokot nya éta: (1) *Talaga nu Liuh*, (2) *Kikisik Sisi Basisir*, (3) *Sabot Panonpoé Surup*, (4) *Rarakitan*, (5) *Satria Gagah Sakti*, (6) *Laut Kidul Kabéh Katingali*, (7) *Sumuhun Dawuh*, (8) *Éyang Putri Ronggéng Sari*, (9) *Angin Rintih Langit Lénglang*, jeung (10) *Kongkorong Emas*.

3.2 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa rancangan atawa rencana ngeunaan cara ngumpulkeun, nganalisis data sangkan bisa dilaksanakeun sacara éféktif sarta luyu jeung tujuan panalungtikan (Nasution, 2009: 23).

Léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan ti mimiti nepi ka ahir dijieun désain. Ieu désain panalungtikan, diadaptasi tina Arikunto (2010: 171). Éta désain bisa katitén dina bagan saperti kieu.



Bagan 3.1 Désain Panalungtikan
diadaptasi tina Arikunto (2010: 171)

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nyaéta cara anu digunakeun ku nu nalungtik pikeun ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto, 2010: 203). Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analisis.

Nurutkeun Ratna (2004: 53) méthode déskriptif analisis dilaksanakeun ku cara ngadéskrripsikeun fakta-fakta anu satuluyna dianalisis. Suyatna (2012: 14) nétélakeun yén méthode déskriptif nyaéta:

Dalam penelitian secara harfiah, penelitian deskriptif adalah akumulasi data dasar dalam cara deskriptif semata, serta tidak saling berhubungan, tidak menguji hipotesis, tidak membuat ramalan, atau tidak mendapatkan makna implikasi (walaupun banyak penelitian yang ingin mendapatkan makna implikasi masih termasuk metode deskriptif).

Dina ieu panalungtikan, anu didéskrripsikeun téh nya éta sakur omongan dina paguneman kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia, nyieun papasingan prinsip jeung maksim omongan anu nyampak dina téks paguneman, ngadéskrripsikeun maksud omongan anu aya dina téks paguneman, jeung ngadéskrripsikeun tahapan pragmatis omongan anu nyampak dina téks paguneman.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan leuwih jéntré, ieu panalungtikan ngébréhkeun wangenan-wangenan operasional anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

a. Omongan

Omongan mangrupa kalimah atawa babagian kalimah, anu diucapkeun kalawan miboga harti (Sudaryat, 2005:113).

b. Prinsip paguneman

Prinsip paguneman nyaéta dasar anu dijadikeun acuan dina ngalakukeun paguneman sangkan eusi omongan anu ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa bisa kahontal. Tarigan (2009: 73), kagiatan nyarita jeung nulis mangrupa dua tindak basa anu kawengku dina widang rétorika. Dumasar kana éta hal, rétorika dibagi jadi dua jenis, nya éta rétorika antarpribadi (*interpersonal rhetoric*) jeung rétorika tékstual (*textual rhetoric*). Boh rétorika antarpribadi,

boh rétorika tékstual, mikabutuh sababaraha prinsip sangkan jejer omongan nu baris ditepikeun ku panyatur ka pamiarsa bisa katepikeun kalawan lancar. Éta prinsip-prinsip anu dibutuhkeun dina rétorika kaasup kana prinsip paguneman.

c. Maksim Paguneman

Maksim paguneman nyaéta gaya hiji ungkara anu digunakeun dina paguneman luyu jeung prinsipna. Dina maksim paguneman aya maksud omongan anu nyoko kana lakuning basa luyu jeung kontéks situasina (Nursalam, 2011: 51).

d. Kumpulan Carpon

Kumpulan carpon dina ieu panalungtikan nyaéta salahsahiji sumber data utama anu dijadikeun bahan panalungtikan. Anapon anu dimaksud carpon nya éta karangan pondok dina wangun prosa anu sifatna rékaan (*fiksi*).

Jadi, sacara operasional ieu panalungtikan anu judulna “Prinsip jeung Maksim Omongan dina Paguneman Kumpulan Carpon *Panggung Wayang Karya Aam Amilia*” téh maksudna nyaéta nalungtik jeung nyieun papasingan prinsip jeung maksim omongan dina paguneman anu aya dina kumpulan carpon *Panggung Wayang karya Aam Amilia*, ngadéskripsikeun maksud omongan anu aya dina unggal téks paguneman, sarta ngadéskripsikeun tahapan pragmatis omongan anu nyampak dina téks pagunemanana.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan panyusun sacara sistematis bisa leuwih gampang ngolah data, nepi ka éta panyusun bisa ngahasilkeun panalungtikan anu hadé (Arikunto, 2010: 203).

Instrumén panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Kartu data digunakeun sangkan data leuwih babari diolah, leuwih lengkep, leuwih taliti, sarta leuwih sistematis. Dina kartu data disalin data téks paguneman, tuluy dianalisis dumasar prinsip pagunemanana, maksim pagunemanana, maksud

omonganana, jeung tahapan pragmatis dina pagunemanana. Dina data téks paguneman maké kode anu nerangkeun judul buku, judul carpon, kaca buku, jeung nomer jajaran, saperti PW/TL/K26/J17, maksudna judul bukuna *Panggung Wayang*, judul carponna *Talaga nu Liuh*, kaca 26, jeung aya dina jajaran ka-17. Éta kartu data téh dijieun saperti kieu.

01	KARTU DATA
Data :	
Maksim :	
Prinsip :	
Maksud Omongan :	
Tahapan Pragmatis :	

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi dokuméntasi. Nurutkeun Arikunto (2010: 274) téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun néangan data ngeunaan hal-hal atawa variabel anu mangrupa catetan, transkrip, buku, surat kabar, majalah, prasasti, notulén rapat, lengger, agénda, jeung sajabana. Data dina ieu panalungtikan mangrupa buku fiksi nya éta kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia.

Dumasar téhnik di luhur, data dikumpulkeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Maca sagemblengna kumpulan carpon *Panggung Wayang* karya Aam Amilia.
- b. Milih jeung nangtukeun carpon nu dijadikeun sampel pikeun sumber data.
- c. Nyirian omongan dina paguneman anu aya dina carpon.
- d. Nyalin sakabéh omongan dina téks paguneman nu geus dicirian kana kartu data.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Dina téhnik ngolah data, data anu geus dikumpulkeun dianalisis pikeun dipilah jeung dipilih dumasar kana tujuan panalungtikan anu geus ditangtukeun saméméhna. Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun pikeun ngolah data nya éta saperti ieu di handap.

- a. Mariksaan deui data omongan dina téks paguneman anu geus dicirian.
- b. Nganalisis data omongan dina paguneman dumasar kana prinsip, maksim, maksud omongan, jeung tahapan pragmatisna.
- c. Nyieun papasingan data omongan dina paguneman dumasar kana prinsip, maksim, maksud omongan, jeung tahapan pragmatisna.
- d. Ngadéskripsikeun data omongan dina paguneman anu geus dianalisis.
- e. Nafsirkeun hasil analisis data omongan dina paguneman.
- f. Nyieun kacindekan.